



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 5/5/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMICUS BRIEF AN SIPÓ A GWROUP YO KAP CHÈCHE POU RANVÈSE PWOJÈ LWA LEJISLATIF 2 SOU DISKRIMINASYON NAN NORTH CAROLINA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York ap chèche depoze yon amicus brief an sipò pou ranvèse yon lwa sou diskriminasyon nan North Carolina ki anpyete sou dwa sivil moun LGBT yo. Lwa, Pwojè Lwa lejislatif 2, entèdi moun trans-seksyèl yo pou pa itilize twalèt ki apwopriye pou idantite seksyèl yo, ekskli oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan pwoteksyon anti-diskriminasyon eta, epi entèdi minisipalite yo pou etann pwoteksyon sa yo pou sitwayen LGBT. Yap depoze Amicus brief Gouvènè a an sipò sou litij kat òganizasyon te depoze – Lambda Legal, ACLU, ACLU of North Carolina ak Equality North Carolina – pou konteste lwa nan tribinal federal.

“Diskriminasyon kont moun sou baz idantite seksyèl non sèlman pa kòrèk, li enkontestableman ilegal,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. Nou pa ka kite kalite diskriminasyon sa rive. Mwen ankouraje tribinal la pou ranvèse HB2 epi kenbe prensip debaz egalite ak jistis pou tout moun.”

Anons Gouvènè Cuomo sou amicus brief te swiv lèt ki soti nan Depatman Jistis Ameriken enfòm Gouvènè North Carolina Pat McCrory ke HB2 vyole Tit VII ak IX nan lwa sou Dwa Sivil, sa ki entèdi diskriminasyon sou baz sèks yon moun.

Nan mwa Mas, apre pwomilgasyon HB2, Gouvènè Cuomo jodia te siyen yon [dekrè egzekitif](#) pou entèdi tout vwayaj eta ki pa esansyèl nan North Carolina.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418